

La Bib pou ti moun
prézanté

Jezi kalme
tanpèt la sou
lanmè a



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.





Jezi ak disip li yo
te nan yon kannòt
lè yon tanpèt te
leve. Lanmè Galile
a te dechennen.
Kalite tanpèt sa a
kapab lakòz bato
koule ak moun
nwaye.



Tanpèt la te fè disip yo pè anpil. Vag lanmè yo te kouvri kannòt la, plen l ak dlo. Men, Jezi t ap dòmi sou yon kousen, li t ap dòmi nan tanpèt la. Disip yo te

reveye


Jezi, yo t ap rele byen fò : "Mèt, Mèt, nou pral peri !"



“Poukisa nou pè, moun ki manke lafwa ?” Jezi te mande disip li yo. Apre sa, li te bay van an lòd pou li sispann soufle epi pou vag yo kalme yo epi rete trankil...




EPI VAN AN TE KALME LI... LANMÈ A TE VIN
KALM EPI ANPÈ. Disip yo te sezi epi yo te di : "Ki
moun li dwe te ye menm, pou van yo ak lanmè a ap
obeyi l !"




Kèk tan apre sa, Jezi te gen yon lòt jounen ki te chaje anpil. Plis pase 5,000 moun te swiv li nan yon dezè. Avèk pouvwa Bondye, Jezi te kapab bay tout foul la manje gras ak tigoute yon ti gason. Kounye a li te aswè, epi Jezi te voye tout moun yo ale.



Menm disip yo te oblije kite li. Jezi te mete yo nan yon kannòt pou yo ale devan l, lòt bò Lanmè Galile a.





Lè Jezi te fin
voye tout moun
ale, li te monte
sou yon mòn pou l
al priye. Lè li te
jou demen matin,
li te poukont li
kote sila.





Sou lak la, yon gwo van
te bare disip yo. Li te
anpeche yo travèse lak
la, pandan yo t ape rame
pandan plizyè èdtan.

Disip yo pa te
konnen sa,
men te gen
yon gwo
sipriz ki t
ap tann
yo !





Ant twazè ak sizè
nan maten, nan
mitan dlo a ki te
ajite akòz van an,
disip yo te wè yon
bagay ki t ap vini
sou yo, sa ki te fè
yo pè anpil. "Se yon
zonbi !" yo te kriye.
Men, se te Jezi,
Senyè yo ak Mèt yo
a, ki t ap vin jwenn
yo, LI T AP MACHE
SOU DLO A.



Menm lè a, Jezi di yo :
"Pran kouraj, se mwen
menm ; pinga nou pè !"
Pyè te reponn li :
"Senyè, si se w menm,
pase mwen lòd pou m
vin jwenn ou sou dlo a."
Epi Jezi di : "Vini !"
Pyè soti nan kannòt la
avèk kouraj epi li te
mache al jwenn Jezi.





Men, lè li te wè
van an te fò, li te
vin pè epi li te
kòmanse ap
koule. Li te rele
byen fò : "Senyè,
sove mwen !"



Menm lè a, Jezi te lonje men l, li te kenbe l, epi li di l : "Nonm ki mamke lafwa, poukisa w te doute ?" Yo te monte nan kannòt la, epi van an te sispann.



Sila yo ki te nan kannòt
la te vini mete ajenou
(pwostène) devan Jezi,
epi yo te di : "Ou se
Pitit Bondye a
toutbonvre."



Jezi kalme tanpèt la sou lanmè a
Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 8 ak 14 ; Mak 4 ; Lik 8

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyè sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

